

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Ronggég Gunung mangrupa salasahiji wangun kasenian tradisional Sunda anu mekar di pakidulan Ciamis. Sanajan kasenian Ronggég Gunung idéntik jeung seni tari, tapi vokal (kawih) dina ieu kasenian ogé kacida mucunghulna. Kawih dina pintonan Ronggég Gunung mangrupa hal anu mandeg mandiri. Lalaguanana siga anu ngahipnotis panongton sangkan milu ngibing. Rumpaka anu dibawakeunana ogé kacida komunikatifna siga anu ngajak ngibing ka panongton.

Dumasar kana hasil panalungtikan, kawih dina Ronggég Gunung di désa Ciulu kecamatan Banjarsari kabupatén Ciamis aya 22. Di antarana 1) Kudup Turi; 2) Ladrang; 3) Lolowong; 4) Goléwang; 5) Raja Pulang; 6) Onday; 7) Kawungan Banter; 8) Dengdet; 9) Parut; 10) Kawungan Kulon; 11) Liring; 12) Manangis; 13) Urung-urung; 14) Cacar Burung; 15) Tunggul Kawung; 16) Mangonét; 17) Obyog; 18) Onang; 19) Sisigaran; 20) Préndéng; 21) Trondol; jeung 22) Kidung.

Imaji anu aya dina rumpaka kawih dina kasenian Ronggég Gunung ngawengku pangalaman sénsoris, saperti panempo (*visual*), pangdénéng (*auditif*), jeung rasa/taktil. Imaji anu kapanggih dina rumpaka kawih dina kasenian Ronggég Gunung di antarana aya 114 imaji anu ngawengku (1) 29 imaji visual; (2) 9 imaji auditif; jeung (3) 75 imaji taktil. Sacara umum, imaji anu panglobana aya dina ieu rumpaka téh imaji rasa/taktil. Saluyu jeung caritana yén Ronggég Gunung kacipta tina rasa kaleungitan hiji awéwé anu ditinggalkeun paéh ku kabogohna jadi eusi rumpakana loba anu ngébréhkeun ngeunaan rarasaan.

Imaji dina Kudup Turi aya 1 auditif jeung 1 taktil; dina Ladrang aya 1 taktil; dina Lolowong aya 2 taktil; dina Goléwang aya 3 visual jeung 3 taktil; dina Raja Pulang 2 visual, 1 auditif jeung 5 taktil; dina Onday aya 1 visual jeung 2 taktil; dina Kawungan Banter aya 2 visual, 1 auditif jeung 2 taktil; dina Dengdet aya 1 visual jeung 3 taktil; dina Parut aya 1 visual jeung 4 taktil; dina Kawungan Kulon aya 1 visual jeung 3 taktil; dina Liring aya 3 taktil; dina Manangis aya 3

visual, 1 auditif, jeung 4 taktil; dina Urung-urung aya 3 visual jeung 3 taktil; dina Cacar Burung aya 7 taktil; dina Tunggul Kawung aya 1 visual jeung 4 taktil; dina Mangonét aya 2 visual, 1 auditif jeung 1 taktil; dina Obyog aya 1 visual jeung 3 taktil; dina Onang aya 1 auditif jeung 4 taktil; dina Sisigaran aya 5 taktil; dina Préndéng aya 1 visual, 1 auditif jeung 2 taktil; dina Trondol aya 2 visual, 2 auditif jeung 1 taktil; jeung dina Kidung aya 5 visual jeung 4 taktil.

Wirahma rumpaka kawih dina kasenian Ronggég Gunung ngawengku wangun sisindiran. Sabada dianalisis kapanggih yén dina ieu rumpaka aya 109 wangun sisindiran anu ngawengku: (1) 79 paparikan; (2) 25 rarakitan; jeung (3) 5 wawangsalan. Jadi, wangun sisindiran anu panglobana digunakeun mangrupa sisindiran wangun paparikan. Ari purwakanti anu kapanggih dina ieu rumpaka di antarana purwakanti mindoan kawit, larasmadya, laraswekas, jeung pangluyu.

Dina sisindiranna aya sababaraha kasalahan di antarana: (1) rumpaka Raja Pulang pada kahiji padalisan katilu kuduna jumlah engangna 8 tapi ieu 10 engang; (2) rumpaka Onday pada kagenep padalisan kaopat kuduna sora panungtungna (a) tapi ieu (eu); (3) rumpaka Kawungan Kulon pada kaopat padalisan kaopat kuduna jumlah engangna 8 tapi ieu 9 engang; (4) rumpaka Cacar Burung pada kahiji padalisan katilu kuduna sora panungtungna (o) tapi ieu (é); (5) rumpaka Obyog pada katilu padalisan kaopat kuduna jumlah engangna 8 tapi ieu 9 engang.

Rumpaka kawih dina kasenian Ronggég Gunung lolobana mangupa wangun puisi sisindiran. Digunakeunana sisindiran dina rumpaka kawih nuduhkeun yén sisindiran jadi hiji hal anu dipikaresep ku masarakat Sunda alam harita. Malah mah bisa disebutkeun sisindiran téh dalit pisan jeung kahirupan masarakat Sunda. Sisindiran bisa dijadikeun média pikeun nepikeun atawa ngagambarkeun rarasaan, kaayaan lingkungan, situasi masarakat pasisian, jsb.

Téma tina rumpaka kawih dina kasenian Ronggég Gunung lolobana ngeunaan asmara sarta katunggara. Rasa anu kagambar tina ieu rumpaka lolobana nyaéta nalangsa, bingung, jeung nyeri haté. Nada anu digunakeun dina nepikeun ieu rumpaka di antarana kabingung, kasedih, jeung kuciwa. Maksud tina ieu rumpaka lolobana ngébréhkeun ngeunaan jalma anu kabungbulengan, kahayang pikeun babarengan, jeung kanyeri nalika cinta teu ngajadi. Sakumaha carita

Ronggég Gunung anu kacipta tina rasa kaleungitan hiji awéwé anu ditinggalkeun paéh ku kabogohna anu kacida dipikacinta. Jadi, eusi rumpaka kawihna lolobana ngeunaan hubungan asmara antara wanoja jeung jajaka.

Stilistika atawa gaya basa téh penting pisan dina kahirupan, hususna patali jeung karya sastra. Nalika hiji maksud diébréhkeun ngagunakeun stilistika, bakal timbul daya tarik pikeun anu ngaregepkeun nepi ka nimbulkeun éfék anu tangtu. Gaya basana di antarana ngawengku gaya basa ngumpamakeun (simile), lalandian (métpora), mijalma (personifikasi), ocon (métonimia), ngasor (litotes), rautan (eufimisme), raguman (sinekdoke), rarahulan (hiperbola), kadalon (pleonasmeu), ébréhan (périprase), kahanan (épitét), jeung silib (alégori).

Unsur stilistik atawa gaya basa anu aya dina rumpaka kawihna aya dalapan nyaéta simile, métopora, personifikasi, métonimia, litotés, hiperbola, pléonasmeu jeung péripraseu. Anu ngawengku 1) 1 gaya basa simile dina Mangonét; 2) 1 gaya basa métopora dina Kudup Turi; 3) 4 gaya basa personifikasi 1 dina Raja Pulang, 1 dina Onday, 1 dina Obyog jeung 1 dina Sisigaran; 4) 1 gaya basa métonimia dina Mangonét; 5) 2 gaya basa litotes, nyaéta 1 dina Raja Pulang jeung 1 dina Obyog; 6) 1 gaya basa hiperbola dina Kawungan Banter; 7) 1 gaya basa pléonasme dina Ladrang; 8) 12 gaya basa périprase, nyaéta 1 dina Ladrang, 2 dina Parut, 1 dina Kawungan Kulonan, 3 dina Manangis, 1 dina Urung-urung, 2 dina Cacar Burung, 1 dina Tunggul Kawung, jeung 1 dina Kidung.

5.2 Saran (Rékoméndasi)

Sabada panalungtikan dilaksanakeun, aya sababaraha saran anu perlu ditepikeun ku panalungtik, di antarana ieu di handap.

- a. Kasenian Ronggég Gunung mangrupa kasenian anu perlu diangkat deui éksisténsina sangkan ieu kasenian dipikawanoh jeung dipikaresep deui ku masarakat sarta sangkan ieu kasenian henteu kagéséh ku kamekaran jaman;
- b. Kasenian Ronggég Gunung jeung rumpaka kawihna anu umumna dina wangun sisindiran bisa dijadikeun salasahiji pikeun ngeuyeuban bahan ajar;

- c. Rumpaka kawih dina kasenian Rongg ng Gunung anu umumna dina wangun sisindiran t h perlu didata jeung didokum ntasikeun sangkan henteu bacacar. Jadi nalika aya panalungtik nu r k nalungtik rumpakana henteu h s  n angan.